

**NGELMU RASA SAJRONE SERAT KEBO KANANGA  
(TINGINGAN STRUKTURAL LAN ASPEK FILOSOFIS)**

**E-JOURNAL**



**Dening:  
Diki Fajar Setianto  
14020114037**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
JURUSAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH**

**2020**

**NGELMU RASA SAJRONE SERAT KEBO KANANGA  
(TINTINGAN STRUKTURAL LAN ASPEK FILOSOFIS)**

**DIKI FAJAR SETIANTO**

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[dikisetianto@mhs.unesa.ac.id](mailto:dikisetianto@mhs.unesa.ac.id)

**Drs. Bambang Purnomo, M.S.**

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

**Abstrak**

*Ngelmu Rasa* Jawa kang paling dhuwur lan gedhe iku ngenani ngelmu Ketauhidan. *Ngelmu Rasa* iku kudu digoleki sateruse kanthi ghaibing Gusti. Yen wong Jawa bisa nemokake dununge Gusti. Mesthi wong kasebut bisa waskita lan tanggap ing sasmita ing kahanan. *Ngelmu Rasa* iku raket sambungane klawan ngelmu kasampurnaning urip kang ana ing bebrayan Jawa.

Underaning panliten iki yaiku: (1) Kepriye struktur pemangune sajrone *Serat Kebo Kananga*, (2) Kepriye *Ngelmu Rasa* kang tinemu ing sajrone *Serat Kebo Kananga*. Ancas saka panliten yaiku bisa mangerteni struktur pemangun sajrone *Serat Kebo Kananga* lan mangerteni wujud *Ngelmu Rasa* kang kinandhut sajrone *teks Serat Kebo Kananga*. Paedah saka panliten dikarepake bisa nduweni paedah kanggo panliten-panliten sastra Jawa kang awujud naskah utawa kang wus awujud teks. Tintingan kapustakan ing panliten iki yaiku panliten kang saemper klawan serat mligine *Serat Kebo Kananga*. Landhesan teori ing antarane yaiku: (1) teori struktural, (2) Sabanjure metode hermeneutik digunakake kanggo nafsirake bab kang diteliti sajrone *Serat Kebo Kananga* iki.

Panliten iki kalebu panliten kualitatif kang asipat dheskriptif. Asil transliterasi *Serat Kebo Kananga* dadi sumber dhata. Pethikan kang awujud tembang macapat sajrone *Serat Kebo Kananga* minangka dhata kang dianalisis. Anggone ngumpulake dhata kanthi cara diwenehi tetenger nganggo *bolpoin* kang warna-werna rupane.

Asiling panliten nuduhake (1) struktur pemangun sajrone *Serat Kebo Kananga*. (2) *Ngelmu Rasa* sajrone *Serat Kebo Kananga*. Wong jawa nglakoni *Ngelmu Rasa* iku gawe mangerteni Dununge Gusti iku manggon ana ngendi, mangerteni Sukma Sejati, mangerteni Guru Sejati lan mangerteni Paraning Dumadi kang dumunung ana objek panliten *Serat Kebo Kananga*.

**Tembung wigati :** *Ngelmu Rasa*, struktur lan serat

**PURWAKA**

**Landhesan Panliten**

Karya sastra Jawa klasik mujudake salah sawijining kasusastran Jawa anyar kang nduweni wujud arupa tembang macapat lan gancaran. Reriptan ing kasusastran Jawa klasik kawentar minangka sastra wulang kang ngandhut piwulangan, wewarah sarta nilai-nilai luhur tumrap urip ing bebrayan. Sastra wulang nduweni teges yaiku sawijine reriptan sastra kang isine ngemot babagan piwulang. Piwulang dhewe nduweni teges minangka pitutur, wewarah, utawa pasinaon (Poerwodarminto, 1937:495). Piwulang kang kinandhut sajrone reriptan sastra mesthi nduweni piguna kang gedhe tumrap bebrayan, amarga kanthi piwulang bisa ndadekake samubarang sing durung dimangerteni dadi ngerti. Saliyane kuwi piwulang uga ndadekake babagan kang ala bisa dilereni supaya dadi pawongan kang becik saengga ndadekake sesambungan lawan pawongan lita bisa rumaket tumrap urip bebrayan.

Pigeaud (sajrone Purnomo, 2007:185) ngandharake isi sajrone kasusastran yaiku bisa ngenani pemawas lan gegambarane urip bebrayan jaman mbiyen. Miturut panliten pautan antara pamawas keagamaan lan kesusilaan kanthi sejarah lan mitologi, kanthi sastra endah, lan unsur saka segi kauripan masyarakat kang kenthel. Adhedhasar bab kasebut, sastra Jawa digolongake dadi 4 jinis, yaiku *Agama lan Kesusilaan, Sejarah lan Mitologi, Sastra Indah, Lan Ilmu (Kesenian, Kemanusiaan, Hukum, Cerita rakyat, Adat istiadat lan Bunga rampai)*

Sejarah lan mitologi sajrone sastra Jawa klasik yaiku gegambaran unsur paraga sejarah sajrone rangkaian crita kang ngandhut unsur prastawa kang dianggep kedadean kuwi wis kelakon kanthi diwenehi ramuan sastra kang ngandhut unsur kaendahan lan rekaan. Sajrone sastra sejarah uga nduweni sebutan sastra babad. Babad kanggo menahi tanda jinis karya sastra tartamtu. Sajrone sastra sejarah unsur rekaan utawa fiktif iku uga bagean saka

struktur isi, kang dadi ramuan sajrone sastra kang arupa *mitologi, legenda, simbolisme, sugesti, hagiografi, lan eskatologi* utawa *kosmogoni*.

Legenda yaiku crita kang dianggep nduweni pangaribawa kang dianggep bener bener crita kuwi kedadeyan ana ing masyarakat. Brunvand (sajrone Purnomo, 2007:202) mbagi legenda dadi 4 jinis, yaiku *Legenda Keagamaan* uga kalebu *Hagiografi*, legenda alam ghaib, legenda pawongan lan legenda daerah. *Serat Kebo Kananga* iki kalebu legenda pawongan. Legenda pawongan dhewe iki nyritakake salah sawijine paraga kang dadi paraga utama. Uga bisa lelakoning urip ing alam dunya kang dadi sejarah ana ing tanah Jawa. Crita kasebut bisa arupa getok tular utawa kanthi cara tinulis ing lontar utawa kertas kena agawe tandha yen nate ana kedadeyan kang kaya ing crita. *Serat Kebo Kananga* iki kalebu jinise sastra Legenda.

Sajrone karya sastra uga nduweni tujuwan agawe para pamaca isa mangerteni apa kang dikarepake dening pangripta. Mimbuh awujud pesen kang kaserat sajrone cerita, bisa arupa piwulang. Miturut Saputra (2005: 20-21) sastra piwulang tuwuh kurang luwih nalika abad XVI lan nduweni corak keislaman. Sastra piwulang tansaya ngrembaka amarga antuk kawigaten ing wiwitane periodhe sastra Surakarta ing madyaning abad XVIII. Sastra Jawa nalika kuwi pancen wiwit gumregah tangi ngalami owah-owahan. Ing jaman kuwi nuduhake pangaribawane Islam kang kuwat banget, nanging nalika jaman Surakarta sing kawitan, sastra piwulang wis dadi *sinkretik* antarane kabudayan Jawa lan Islam. Ing antarane jroning *Serat Kebo Kananga* menika ngandhut piwulang *Ngelmu Rasa* kang karembug nalikane Kebo Kananga Sarasehan kalawan kang Raka Ageng Butuh lan Ageng Ngerang.

*Serat Kebo Kananga* kang bakal di tliti ing kene yaiku awujud teks kang kaserat mawa aksara jawa kang wis *digitalisasi* lan arupa *softfile*. *Serat Kebo Kananga* yaiku serat pethikan saking babadipun para Wali kang diterbitake dening Bockhandel Tan Khoen Swie ing Kediri taun 1921. *Serat Kebo Kananga* yaiku nyritakake paraga Kebo Kananga nalika kepanggih kaliah Seh Siti Jenar nganti tumekaning pati ing kerisipun Sunan Kudus. Sajrone lakuning urip Kebo Kananga inggih ora ana kang di ugemi inggih piwulang saking guru Seh Siti Jenar. *Serat Kebo Kananga* kang isine ngandhut piwulang kasebut wujud tembang macapat sarta gunggunge ana 20 pupuh lan uga isine ngenani lakuning urip Ki Kebo Kananga lan babagan *Ngelmu Rasa* kang kawedharake ana sajrone teks. Pokok-pokok *Ngelmu Rasa* kang ana kasebut laras karo kahanan bebrayan kawuri sing dadi pathokan laku tumindhake pawongan.

Dipilihe *Serat Kebo Kananga* iki dadi objek panliten kejaba naskah iki sangertine pamlitu durung ana sing nintingi, naskah iki nduweni isi kang narik kawigaten lan perlu banget diuri-uri amrih nilai-nilai sajrone bisa lestari amerga nduweni daya pangaribawa kang gedhe banget. Bisa di mangerteni ancasa panliten nggunakake objek iki yaiku isi *Serat Kebo Kananga* kang bakal ditliti iki narik kawigaten utamane lakuning paraga Kebo Kananga nalika urip ing jaman semana, kena dadi pangling-eling tumrap bebrayan agung lan uga paraga Kebo Kananga kena dadi patuladhan. Kaping pindhho, teks Kebo Kananga iki ngandhut lakune *Ngelmu Rasa* tumrap Gustine, amrih saya khusuk anggenipun nuju ing tataran ngelmu kang luwih dhuwur.

Adhedhasar andharan ing dhuwur, mula ing kalodhangan iki panliten njupuk irah-irahan "*Ngelmu Rasa sajrone Serat Kebo Kananga*". Panliten iki nggunakake tintingan struktural. Kanggo ngudhal *Ngelmu Rasa* panliten nggunake metode hermeneutika lan teori Agama Jawa supaya bisa nemokake wujud *Ngelmu Rasa* kang kinandhut sajrone teks *Serat Kebo Kananga*.

Adhedhasar landhesane panliten ing ndhuwur, kang dadi punjere panliten yaiku piwulang sajrone Teks *Serat Kebo Kananga* tumrap bebrayan. Dene kang dadi underane panliten yaiku : (1) Kepriye struktur pemangune sajrone *Serat Kebo Kananga*? Lan (2) Kepriye *Ngelmu Rasa* kang tinemu ing sajrone *Serat Kebo Kananga*?. Saka undheran panliten kasebut bisa di mangerteni ancasa panliten iki yaiku ngandharake lan njlentrehake panliten *Ngelmu Rasa* sajrone *Serat Kebo Kananga*. Adhedhasar underane panliten, ancasa panliten iki yaiku kanggo ngandharake lan njlentrehake : (1) Struktur pemangune *Serat Kebo Kananga*. (2) Wujud *Ngelmu Rasa* kang kinandhut sajrone *Serat Kebo Kananga*

## **METODHE PANLITEN**

Ancangan panliten iki gegayutan karo sipat dhata kang arep didadekake objek panliten. Metodhe kang dienggo sajrone panliten yaiku nganggo metodhe kualitatif kang asipat dheskriptif. Panliten kualitatif yaiku panliten kang bakal njlentrehake utawa nggambarake asil analisis adhedhasar dhata non-angka.

Sumber dhata lan dhata minangka perangan kang wigati sajrone panliten, amarga tanpa anane sumber dhata lan dhata panliten iki ora bisa ditindakake. Sumber dhata ing panliten iki yaiku teks sastra Jawa irah-irahane *Serat Kebo Kananga* kang awujud tembang macapat. Kahanan naskah lumayan apik, tulisan uga jelas. Ning teks iki kalebu cetakan, kang awujud pdf. Sajrone *Serat Kebo Kananga* nduweni kandele 116 lembar lan 116 kaca. *Serat*

*Kebo Kananga* ana 20 pupuh kang diandharake. Pupuh kasebut bakal diandharake kaya ing tabel ngisor iki.

**Tabel 3.1 : Sumber Dhata Panliten**

No. Pupuh	Jenenge Tembang	Jumlah Pada
I	Dhandhanggula	47
II	Sinom	26
III	Kinanthi	11
IV	Asmaradana	32
V	Sinom	32
VI	Megatruh	26
VII	Asmaradana	28
VIII	Kinanthi	26
IX	Dhandhanggula	51
X	Pucung	51
XI	Sinom	23
XII	Asmaradana	72
XIII	Gambuh	31
XIV	Pucung	47
XV	Sinom	15
XVI	Asmaradana	19
XVII	Dhandhanggula	21
XVIII	Asmaradana	24
XIX	Megatruh	24
XX	Dhandhanggula	37

Dhata panliten iki arupa tembung-tembung, ukara, lan wacana kang ana *Ngelmu Rasa* kang dijupuk saka *Serat Kebo Kananga*. *Ngelmu Rasa* tumindak lakuning manungsa supaya bisa nggayuh ing kasampurnane urip ing alam dunya.

Dhata mujudake salah sawijine bahan kang bakal ditintangi. Ratna (2004:47) ngandharake yen dhata panliten yaiki awujud tembung-tembung, ukara lan

wacana. Dhata sajrone panliten iki arupa tembang macapat. Dhata-dhata kang kajupuk ana gegayutane karo bab *Ngelmu Rasa* sing dadi underane panliten iki. Dhata-dhata kasebut minangka crita kang ditemokake miturut underane panliten yaiku *Ngelmu Rasa*.

Tata cara pangumpulaning dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku teknik pustaka. Teknik pustaka minangka teknik pangumpulaning dhata kang nggunakake sumber dhata kang katulis (kapustakan). Endraswara (2008, 162-163) merang tata cara kanggo ngumpulake dhata panliten iku ana telu, yaiku :

- (1) Nemtokake Unit analisis
- (2) Nemtokake Dhata
- (3) Nyathet Dhata

Bisa kadudut yen tata cara ngumpulake dhata ing panliten iki yaiku kanthi cara :

- (a) Maca *Serat Kebo Kananga* kanthi dibolan-baleni lan wutuh saka perangan awal nganti pungkasan kanthi cetha lan nemokake apa kang dadi kekarepane isi kang kinandhut sajrone serat.
- (b) Milah lan milih perangan saka isi serat ditintangi supaya antuk dhata kang diperlokake.
- (c) Nyathet dhata-dhata kang nduweni gegayutan lan dibutuhake kanggo panliten.
- (d) Ngloompokake dhata sing diperlokake kanthi trep kang ana gegayutane karo undering panliten.

Teknik pangolahing dhata mujudake cara kanggo nindakake panliten supaya antuk asil kang bener lan laras karo tujuwan panliten.

- (1) Transliterasi teks

Tujuwan nindakake transliterasi teks yaiku supaya bisa diwaca lan dingerteni, uga kanggo mindhah lan ngganti aksara-aksara lawas dadi aksara kang bisa diwaca kabeh pawongan lan uga supaya bisa dingerteni tumrap sapa wae. Transliterasi yaiku ngganti jinise tulisan, aksara baka aksara, saka abjad siji lan abjad liyane. Tujuwan yaiku kanggo nepungake teks-teks kang kasimpen sajrone naskah utawa teks kang wis ora dikenal lan dingerteni dening masyarakat modern (Purnomo,2013:42)

- (2) Analisis dhata nganggo konsep ngenani *Ngelmu Rasa*
- (3) Interpretasi dhata-dhata kang laras karo lelandhesan teori kang wis diandharake. Dhata panyengkuyung ing kene yaiku konsep-konsep mistik kejawen, Islam jawa, kawruh isbat lan laku spiritual mistik kejawen
- (4) Ngandharake asil analisis nggunakake metode hermeneutik kanthi runtut ngenani underaning panliten kang ditemtokake.
- (5) Njlentrehake asil analisis wujud draf skripsi.

## ANDHARAN

### Struktur pemangun Serat Kebo Kenanga

Sajrone struktur Serat Kebo Kenanga bakal diandharake unsur intrinsik ing antarane yaiku: tema, paraga lan wewatakane, latar utawa setting, lan alur.

#### 1. Tema

Saben reriptan sastra mesthi nduweni tema crita, amarga tema iku nggambarake tegese crita kasebut. Miturut Stanton lan Kenny (sajroning Nurgiyantoro, 2007:67) negesi yen tema kuwi minangka makna kang kinandhut ana sawijining crita. Kanggo nemokake tema sajroning reriptan sastra, kudu didudut sakabehe crita, ora mung adhedhasar perangan-perangan tartamtu. Tema kang paling onjo utawa tema kang paling utama sajrone Serat Kebo Kenanga yaiku ngenani ilmu utawa kawruh ing donya sarta ing akhirat. Ing serat kasebut Kebo Kenanga meguru marang Syekh Siti Jenar banjur ilmu kang didum saka Siti Jenar kuwi mau didum marang para bebrayan lumantar Kebo Kenanga. Tema kasebut bisa dibuktekake ana ing cuplikan ngisor iki:

*Mamet saking carita ing ngunn  
Nalikanne ki Kebo Kananga  
Mentas antuk wasitanne  
Sing sira sang linuhung  
Seh siti bang ilyali ya linuwih  
Temah ki geng Kananga  
Marem ing tyassipun  
Rumasa antuk sogata  
Kang minulya nut agama geming Nabi  
Mukhamamad naya kengrat*  
**(Pupuh I, pada 4)**

*Ing wusana jeng ki ageng pengging  
Sapungkuring guru Siti Jennar  
Ngarsa wus prannawa tyase  
Tan samar wose kawruh  
Wruh jatine kang Murbeng dhiri  
Lawan sak sisi nyata  
Nyatane dumunung Aneng telenging kahanan  
Apuwa rahing driya dahat ngastuti  
Ring rehsi Siti Jennar*  
**(Pupuh 1, pada 14)**

Adhedhasar pethikan kasebut, bisa diandharake yen Kebo Kenanga antuk kawruh ngenani ilmu ngaurip saka gurune kang aran Syekh Siti Jenar. Buktine ana ing pupuh 1 pada kaping 14 gatra kang nomer 5-7. Ilmu kuwi mau didumake marang para bebrayan nanging nyebarake ilmu ana sawijine pawongan kang nganggep Kebo Kenanga murtad. Anggepan kuwi bisa dibuktekake ana ing cuplikan ngisor iki:

*Dene denya maksih angemori  
Praja watha aneng shuralaya  
Iku mung laire bae  
Katarik sang Hyang Guru  
Dening rama ingkang angukir  
Rikuh yen amurtat  
Tinonne rapatut  
Nanging batinnira dahat  
Amituhu waruhe Sang Ngusman ngaji  
Pathining agameslam*  
**(Pupuh 1, pada 16)**

*Kalepatan tan mawi sasarkrib  
Ing sarengat satemah amurtat  
Tan ngopenni sarengate  
Mangkana sang ngawiku  
Ki geng Pengging nulya ngadanni  
Gelar ngelmu sarengat  
Mring prasiswannipun  
Angtakoni limang wekdal  
Malah sampun ki ya geng ayasa masjid  
Malangken kitab kur'an*  
**(Pupuh 1, pada 29)**

Adhedhasar rong cuplikan ing ndhuwur ngandharake utawa nyritakake ngenani Ki Kebo Kananga kang medharake ngelmu sarengat (syariat), kakikat (hakikat), lan makripat tumrap siswanipun. Keprungu saka Bintara yen kebo Kenanga medharake ilmu kang kasil saka megurune marang Syekh Siti Jenar lan Kebo Kenanga dianggep murtad kamangka sembahyang limang wektu ditindakake dening Kebo Kenanga, lan Kebo Kenanga kasil mbangun masjid lan ngamalake Al-Quran kang minangka kitab sucine umat muslim.

#### 2. Paraga lan wewatakane

Paraga lan wewatakane minangka unsur kang paling onjo sajrone reriptan sastra. Anane paraga lan wewatakane sastra bisa nggampangake pamaca anggone mangerteni isi reriptan sastra kasebut.

Paraga sajrone crita mesthi nduweni watek kang beda-beda, ana kang nduweni watak becil lan ana paraga kang nduweni watak kang ala. Semana uga ing cerita Serat Kebo Kenanga, pangripta anggone nggambarake wewatakane paraga kang nduweni watak becik lan paraga kang nduweni watak ala. Mula saka kuwi, ing ngisor iki bakal diandharake ngenani paraga lan wewatakane paraga sajrone Serat Kebo Kenanga.

##### Kebo Kenanga

###### (1) Seneng marang ilmu

Kebo Kenanga minangka paraga utama ing sajrone crita serat iki. Bisa diarani seneng marang ilmu amarga ing sajrone serat iki ana sawijine tembang kang nerangake yen

Kebo Kenanga seneng marang ilmu, ora mung ilmu agama, ilmu batin, lan ilmu kanggo urip bebrayan. Cuplikan ing ngisor iki bakal dadi bukti yen Kebo Kenanga temen-temen seneng marang ilmu:

*Pralampita kang mannawung gati  
Marma lamun sirarsa uninga  
Wardinne sarengat angger  
Sira kudu maguru  
Maring ngelmu tarekat prapti  
Kakekat myung makripat  
Ing konno sawastu  
Bisa marem ing tyassira  
Wit sira wruh jatining salat yekti  
Dadi wadining jagad  
(Pupuh 1, pada 10)*

Saka pethikan kasebut bisa dingerteni yen paraga Kebo Kenanga utawa Ki Ageng Pengging nduweni rasa seneng marang ilmu. Cuplikan ing ndhuwur kasebut mujudake yen Kebo Kenanga seneng marang ilmu agama, rasa seneng kasebut disebutake ing gatra 3 nganti 6. Cuplikan kasebut nduweni teges yen kepengin ngerti utawa weruh sejatine salat yaiku kudu meguru ngenani patang bab, bab kapisan yaiku ngenani ilmu syariat, ilmu tarikat, ilmu hakikat, lan kang pungkasan yaiku ilmu makrifat. Sapa wonge sing bisa nyinaoni ngenani patang perkara kasebut anggane ngibadah bisa dirasa marem. Banjur saliyane kuwi, Kebo Kenanga uga mbabar ilmu ngenani napsu utamane napsu kang ana ing njero diri pribadhine manungsa, luwih cethane bakal dijlentrehake ana ing cuplikan ngisor iki:

*Napsu amarah kang kaping kalih  
warna abang Hawanne drawala  
jahil kemeren panasten  
kang kaping telu napsu  
pan suwiyah warnane kuning  
awa mring kasenengngan  
weh kenut kapencut  
ping pat napsu mutmainnah  
Rupa putih  
Hawanne sabar nglangkungi  
tapa myang tarak brata  
(Pupuh 9, pada 6)*

Cuplikan ing ndhuwur ngandharake yen napsu diperang dadi papat, sing kapisan yaiku napsu amarah, kaping pindho napsu aluwamah, kaping telu yaiku napsu supiyah, kang pungkasan diarani napsu mutmainnah.

(2) Seneng andum ilmu

Saliyane paraga kang seneng ngupadi ilmu nanging Kebo Kenanga uga pawongan sing seneng andum ilmu marang sapa wae. Buktine nalikane ana pawongan kang

aran Pak Kadim saka tanah Bandang kang kepengin nyantri lan golek ilmu ngenani kawruh agama. Luwih cethane bakal diandharake ing ngisor iki:

*Sasampun nira rumanti  
ki Ageng Kebo Kananga  
amethukaken tamune  
ngaca ran malebeng langgar  
Sang namur tyas kalegan  
kalihe wus tata lungguh  
samya jejawatan asta  
(Pupuh 12, pada 1)*

Cuplikan ing ndhuwur ngandharake ngenani nalika Kebo Kenanga karawuhan sawijine pawongan kang aran Pak Kadim. Dene tekane Pak Kadim kepengin dadi santrine supaya bisa nyinaoni babagan ilm agama kang luwih jero. Kanthi legawaning ati, Kebo Kenanga nrima Pak Kadim dadi santrine lan nyumanggakake Pak Kadim mlebu ing langgar banjur menahi pangerten ngenani ilmu agama.

(3) Ngugemi tata krama

Kebo Kenanga minangka paraga kang ngugemi anane tata krama utawa unggah-ungguhe. Minangka wong Jawa, Kebo Kenanga ngerti kepriye tata kramane nalika karawuhan Amat Jalalen, kamangka sadurunge antarane Kebo Kenanga lan Amat Jalalen durung tau sapatemon babar pisan. Nanging Kebo Kenanga isih ngormati tamune lan nyumanggakake tamune kuwi mau. Lan basa kang digunakake uga basa alus kang minangka titikan nalika ana pawongan cecaturan dene pawongan kuwi durung tau ketemu. Kabukti ana ing cuplikan ngisor iki:

*Myang asung bagya basuki  
ki Ageng Kebo Kananga  
pamawase sadangune  
Marang tamu ingkang prapta  
lamun dede sawantah  
pratondha ganda nira rum  
beda lawan santri kathah  
(Pupuh 12, pada 2)*

Cuplikan ing ndhuwur ngandharake nalika Kebo Kenanga karawuhan sawijine pawongan kang aran Amat Jalalen. Kebo Kenanga anambut tamune kanthi asung bagya basuki marang tamu kang prapta. Iki mujudake tata kramane Kebo Kenanga minangka *tuan rumah*.

(4) Nduweni rasa welas asih

Rasa welas kang diduweni Kebo Kenanga iki ana nalikane Ki Ageng Tingkir nandhang gerah banjur wekasane Ki Ageng Tingkir seda. Ing kono dicritakake yen Kebo Kenanga nandhang sungkawa nganti mripate ora kuwat ngempet eluh kang nelesi pipine. Nalika ngelayat Kebo Kenanga kinancan Ki Ageng Ngerang, lan Ki Ageng

Butuh. Luwih cethane bisa dideleng ing cuplikan ngisor iki:

*Warnanen ki ageng tingkir  
samana anadhang gerah  
tan lami prapteng jeng jine  
ki ageng kebo kananga  
saha ki ageng ngerang  
katiga ki ageng butuh  
sarimbitan anglelayat*  
**(Pupuh 16, pada 1)**

*Layon binarsih anuli  
ki ageng kebo kananga  
karanan tan pandulune  
ngrungkepi saya karuna  
dene dhatan anyana  
yen ngoncat tanarumuhun  
tan wawarta ngles kewala*  
**(Pupuh 16, pada 2)**

Cuplikan ing ndhuwur ngandharake nalikane Kebo Kenanga bebarengan karo Ki Ageng Ngerang lan Ki Ageng Butuh ngelayat jisime Ki Ageng Tingkir kang seda amarga nandhang gerah. Ngelayat minangka bukti yen Kebo Kenanga nduweni rasa welas asih marang Ki Ageng Tingkir.

(5) Lila Legawa

Kebo Kenanga bisa diarani nduweni watak lila lan legawa amarga nalikane dheweke ditawani dening Sultan Demak dadi Bupati, Kebo Kenanga ora gelem amarga dheweke kepengin dadi rakyat biasa wae sing bisa ngemong para bebrayan. Luwih cethane bisa dideleng ing cuplikan ngisor iki:

*Tan pangrasa yen kareh ing ngaji  
amung makewet wangsulanira  
samongsa mongsa sowane  
dados dhapur beguguk  
ngutha waton boten prayogi  
mongka sampun ngupama  
gurune pra makmum  
prasasat para Uliya  
ngadegaken Iman ngaliming agami  
ageming agama mulya*  
**(Pupuh 20, pada 2)**

Cuplikan ing ndhuwur ngandharake yen Kebo Kenanga ora gelem didadekake Bupati amarga Kebo Kenanga nduweni jejibahan utawa kuwajiban ing padhukuhane yaiku mulang ngaji para santrine. Mula saka kuwi dheweke nolak didadekake Bupati. Kamangka akeh pawongan sing kepengin nduweni pangkat utawa jabatan sing dhuwur nanging dheweke bisa mesu nepsune lan lila upama ora dadi apa-apa. Saliyane cuplikan ing ndhuwur

uga ana cuplikan maneh kang nuduhake yen Kebo Kenanga nduweni watak lila legawa. Luwih cethane ngenani watak iki bisa dideleng ing cuplikan ngisor iki:

*Ana tapa nuwun mami/  
mring adhi pengging den lega/  
**suta nira si Karebet/  
Lestari Sun ambil putra/  
ana ing Tingkir mangkyu/  
supaya dadi panglipur/ pepere kapaten priya//***  
**(Pupuh 16, pada 9)**

Adhedhasar cuplikan ing ndhuwur iki ngandharake yen Kebo Kenanga nduweni watak kang lila legawa. Dicitakake saka cuplikan kasebut yen nalika Nyi Ageng Tingkir ditinggal seda dening bojone Ki Ageng Tingkir, panjenengane kepengin ndadekake putra saka Kebo Kenanga kang aran Karebet dadi anake. Panjalukan kuwi supaya Karebet bisa dadi panglipure Nyi Ageng Tingkir kang wis ditinggal seda bojone. Kanthi lila Kebo Kenanga masrahake putra Karebet marang Nyi Ageng Tingkir.

**Ki Wanapala**

(1) Bisa dipercaya

Bisa dipercaya kalebu watak kang diduweni dening Ki Wanapala amarga nalikane dheweke ketampanan dhawuh saka Sultan Demak kanggo ngaturi Kebo Kenanga supaya gelem rawuh ing Kasultanan Demak bisa dilaksanani kanthi temen lan ora mblenjani. Bukti saka watak iki bisa dideleng ing cuplikan ngisor iki:

*Jeng Sulthan duk amiyarsa/  
pamurih atur prayogi/  
Ki Gedhe ing wanapala/  
ing bab e ki Ageng Pengging/  
lilih ingkang panggalih/  
pangandikanira arum/  
bapa ta bener sira/  
becik isih den kalarri/  
rehning ngawak wi wekane winatara//*  
**(Pupuh 5, pada 3)**

Cuplikan ing ndhuwur ngandharake yen nalikane Ki Wanapala utawa Ki Wanasalam diutus dening dadi duta aji dening Sultan Demak saka Kasultanan Demak Bintara supaya manggihni Kebo Kenanga ing wewengkon Pengging. Lan dhawuh saka Sultan Demak bisa dilaksani dening Ki Wanapala. Nalikane Ki Wanapala dadi duta aji, dheweke kinancan dening pawongan loro kang ing serat kasebut ora disebutake jenenge. Adhedhasar cuplikan ing ndhuwur mula panulis bisa ngarani yen Ki Wanapala nduweni watak utawa sipat sing bisa dipercaya.

(2). Apik marang sapa dha

Watak apik marang sapa dha uga diduweni dening Ki Wanapala, iki kabukti nalikane ana ing papan

Kasultanan Demak Bintara, ing kono ana Sultan Demak, Kebo Kenanga, lan Ki Wanapala. Nalikane Kebo Kenanga ditakoni ngenani babagan negara, Kebo Kenanga ngrasa kabingungan. Ing kono Ki Wanapala nduweni pamanggih supaya Kebo Kenanga diwenehi wektu setaun kanggo mikir babagan sing ditawani dening Sultan Demak. Iki bisa dibuktekake ana ing cuplikan ngisor iki:

*Becika ingsun inahi/  
pan iya sawarsa engkas/  
amung supaya kalakon/  
Kya Geng Pengging tur sumongga/  
wonten karsa paduka/  
Kya Geng Wanapala mundur/  
sapraptanira ing Demak//*  
**(Pupuh 18, pada 23)**

Cuplikan ing ndhuwur ngandharake yen Ki Wanapala nyemayani Sultan Demak supaya dikeparengake Kebo Kenanga bali menyang Pengging lan bakale sowan ing Kasultanan Demak setaun maneh. Ki Wanapala nyemayani Sultan Demak ora liya supaya Kebo Kenanga bisa nglremake pikirane lan ngadhep marang Gustine kepriye becike anggone nglakoni babagan iki. Wekasane Sultan Demak gelem lan nuruti semayane Ki Wanapala kanggo menahi wektu setaun maneh. Mula saka kuwi panulis bisa mastani yen Ki Wanapala kuwi nduweni watak kang becik marang pepadhane. Sawise kuwi Kebo Kenanga lan Ki Wanapala metu saka praptane ing Kasultanan Demak Bintara.

### **Sunan Kudus**

#### **(1) Rumangsa salah**

Kanjeng Sunan Kudus ngrumangsani salah nalikane merjayani Kebo Kenanga ing mesjid Pondhok Pengging. Nalika kuwi Kebo Kenanga nuduhake awak sisih ngendi kang dadi pengapesane. Tanpa mikir dawa Sunan Kudus langsung nyundep sikute Kebo Kenanga kang dadi pengapesane. Luwih cethane bakal diandharake ing cuplikan ngisor iki:

*Dene lamun nedya anyatani/  
ing kang dadya jejalaran lara/  
mara seking ngira kuwe/  
sundepnasikut ingsun/  
sunan Kudus gya nyundep seking/  
erahnya medal pethak/  
mapan ala laku/  
matrapaken kang sarira/  
Ngukut ngracut pambabarira patitis/  
tetesing kasunyatan//*  
**(Pupuh 20, pada 28)**

Saka cuplikan ing ndhuwur ngandharake yen Kanjeng Sunan Kudus ngrumangsani lupute sawise mejahi

Kebo Kenanga kang ora gelem sowan ing Kasultanan Demak Bintara. Rasa salahe dirumangsani amarga getih kang metu sawise disundhep dening Sunan Kudus wernane putih kang nduweni teges Kebo Kenanga nalikane urip pancen nglakoni bebener.

#### **(2) Tanggung jawab**

Kanjeng Sunan Kudus kadhawuhan dadi dutane Kasultanan Demak kanggo nyusul Kebo Kenanga supaya gelem sowan marang Kanjeng Sultan Demak. Mapage Kebo Kenanga ora ana asile malah Sunan Kudus diweling dening Kebo Kenanga. Sunan Kudus tetep marang adedege selaras karo dhawuhe Sultan Demak supaya Kebo Kenanga gelem sowan menyang Kasultanan Demak.

*Tan pangrasa yen kareh ing ngaji/  
amung makewet wangsulanira/  
samongsa mongsa sowane/  
dados dhapur beguguk/  
ngutha waton boten prayogi/  
gurune pra makmum/  
prasasat para Uliya/  
ngadegaken Iman ngaliming agami/  
geming agama mulya//*  
**(Pupuh 20, pada 2)**

Saka cuplikan ing ndhuwur ngandharake yen Sunan Kudus tetep netepi kuwajibane minangka dhutane Kasultanan Demak mbudidaya supaya Kebo Kenanga gelem sowan menyang Kasultanan Demak. Cuplikan ing ndhuwur uga ngandharake kepriye rekadayne Sunan Kudus anggone mbudidaya supaya gelem sowan amarga Kebo Kenanga minangka gurune para makmum prasasat dadi auliya utawa ulama kang ngadegake iman lan ilmu-ilmu agama islam. Mula saka kuwi anggone ngrekadaya Kebo Kenanga supaya gelem sowan menyang Kasultanan Demak senajan wis bola-bali Kebo Kenanga nolak ajakane bisa diarani watak tanggung jawab kang diduweni dening Kanjeng Sunan Kudus.

### **3. Latar utawa setting**

#### **(1) Langgar**

Langgar ing kene kalebu minangka latar amarga ing serat kasebut dicitracake yen nalikane ana sawijine pawongan kang aran Amat Jalalen sowan ana ing daleme Ki Ageng Pengging disumanggakake ing njero langgar. Luwih cethane bisa dideleng ing cuplikan ngisor iki:

*Sasampun nira rumanti/  
ki Ageng Kebo Kananga/  
amethukaken tamune/  
ngaca ran malebeng langgar/  
Sang namur tyas kalegan/  
kalihe wus tata lungguh/  
samyajawatan asta//*  
**(Pupuh 12, pada 1)**

Cuplikan ing ndhuwur ngandharake yen Amat Jalalen disumanggake ana ing langgare Ki Ageng Pengging, mula saka kuwi bisa diarani langgar uga minangka papan panggonan kang ana ing sajrone *Serat Kebo Kenanga*.

(2) PONDHOK PENGGING

Ana maneh papan panggonan kang dicritakake sajrone serat iki, yaiku PONDHOK PENGGING. Minangka wong kang ahli agama islam Ki Ageng Pengging nduweni pondhokan kang kanggone mulang wong-wong sing kepengin ngangsu kawruh ngenani babagan agama islam. Luwih cethane bisa dideleng ing cuplikan ngisor iki:

*Badhe kersa karsa dhateng pundi/  
dene ta tigas kawuryan/  
rawuh duka ing **pondhok**/  
ing bakda murib wus serap/  
lah punapa inggiha amung perlu amartamu/  
sedya wanuha memitran//*

**(Pupuh 12, pada 4)**

Adhedhasar cuplikan ing ndhuwur mbuktekake yen Ki Ageng Pengging nduweni pondhokan. Ki Ageng Pengging nyumanggakake tamune menyang pondhokan kuwi banjur ditakoni perlune apa kok nganti sowan ana ing pondhokan. Wangsulane tamune kuwi maksude sowan ing pondhokan ora liya ya kepengin ngangsu kawruh babagan agama islam.

**4. Alur**

Purwaning crita nalikane Kebo Kenanga dianggep murtad dening panguwasa Demak Bintara ya ora liya Sultan Demak amarga nyinaoni ngenani sariat, tarikat, hakikat, lan makripat marang gurune yaiku Syeh Siti Jenar. Banjur Kebo Kenanga wis pirang-pirang pisowanan ora gelem mara menyang Demak Bintara. Ki Ageng Tingkir wis coba ngelingake Kebo Kenanga nanging isih ora gelem. Luwih cethane bisa dideleng ing cuplikan ngisor iki:

*mengko durung karsa sowan/  
ngarsaning Prabu Ngawanti/  
apa kang dadya karana/  
sira ora anglakoni/  
awit iku wus wajib/  
rong prakara beneripun/  
kang dthingin wong ngatuwa/  
manawa enget ing galih/  
darbeplunan aneng ing pengging punika//*

**(Pupuh 5, pada 9)**

Cuplikan ing ndhuwur ngandharake yen Ki Ageng Tingkir nakokake kena ngapa Kebo Kenanga ora gelem

sowan ana ing Demak Bintara. Amarga kuwi minangka kuwajiban, Ki Ageng Tingkir isih ngelingake nanging Kebo Kenanga isih ora gelem.

Gilir gumantine dina, wekasane Kebo Kenanga sowan ing ngarsane Sultan Demak kinancan Ki Wanapala, nanging nalika diwenahi pitakonan-pitakonan Kebo Kenanga rumangsa bingung lan ora bisa mangsuli ing wektu iku. Ki Wanapala nduweni pamanggih yen luwih becike Kebo Kenanga diwenahi *toleransi* supaya bisa mikirane kepriye becike. Luwih cethane bisa dideleng ing cuplikan ngisor iki:

*Becika ingsun inahi/  
pan iya sawarsa engkas/  
amung supaya kalakon/  
Kya Geng Pengging tur sumongga/  
wonten karsa paduka/  
Kya Geng Wanapala mundur/  
sapraptanira ing Demak//*  
**(Pupuh 18, pada 23)**

Cuplikan ing ndhuwur ngandharake yen Ki Wanapala nyemayani Sultan Demak supaya dikeparengake Kebo Kenanga bali menyang Pengging lan bakale sowan ing Kasultanan Demak setaun maneh. Ki Wanapala nyemayani Sultan Demak ora liya supaya Kebo Kenanga bisa ngleremake pikirane lan ngadhep marang Gustine kepriye becike anggone nglakoni babagan iki. Wekasane Sultan Demak gelem lan nuruti semayane Ki Wanapala kanggo menehi wektu setaun maneh. Mula saka kuwi panulis bisa mastani yen Ki Wanapala kuwi nduweni watak kang becik marang pepadhane. Sawise kuwi Kebo Kenanga lan Ki Wanapala metu saka praptane ing Kasultanan Demak Bintara.

Sawise kuwi nganti setaun maneh wekasane Ki Ageng Pengging durung sowan ana ing Kasultanan Demak. Wekasane Sultan Demak ngutus Kanjeng Sunan Kudus supaya menyang Pengging kanggo ngrampungni pakaryan. Banjur Sunan Kudus budhal menyang Pengging kinancan sabat kekalih. Sawise tumeka ing Pengging banjur Sunan Kudus wawan rembug klawan Kebo Kenanga ing njero mesjid dene sabat kekalih mau ana ing njaba kinancan Pak Kadim, santrine Kebo Kenanga. Saka wawan rembug mau nyatane ora tinemu asil kang cocog. Wekasane Kebo Kenanga diperjayani dening Sunan Kudus. Luwih cethane bisa dideleng ana ing cuplikan ngisor iki:

*Dene lamun nedya anyatani/  
ingkang dadya jejalaran lara/  
mara seking ngira kuwe/  
sundepnasikut ingsun/  
sunan Kudus gya nyundep seking/  
erahnya medal pethak/*

*mapan ala laku/  
matrapaken kang sarira/  
Ngukut ngracut pambabarira patitis/  
tetesing kasunyatan//*

**(Pupuh 20, pada 28)**

Saka cuplikan ing ndhuwur ngandharake yen Kanjeng Sunan Kudus ngrumangsani lupute sawise mejahi Kebo Kenanga kang ora gelem sowan ing Kasultanan Demak Bintara. Rasa salahe dirumangsani amarga getih kang metu sawise disundep dening Sunan Kudus wernane putih kang nduweni teges Kebo Kenanga nalikane urip pancen nglakoni bebener.

Wasana, sawise kuwi banjur Sunan Kudus mlayu kinancan sabat kekalihé. Weruh kahanane Kebo Kenanga kaya mangkono banjur Pak Kadim nangis sinambi sungkem marang sukune Kebo Kenanga, dene Nyi Ageng Pengging uga nangis sesenggukan bebarengan klawan pawongan kang ana ing njero masjid. Para warga Pengging nduweni niat kanggo nyegat Sunan Kudus kang wis merjayani pawongan kang dianggep guru ana ing Pengging kono.

### **Ngelmu Rasa sajrone Serat Kebo Kananga**

#### **1) Dununge Gusti**

Wong Jawa asring nyebutake Ingsun, minangka representasi saka Tuhan. Ingsun uga sang Alip. Pisebutan iki biasane diandharake dening penganut tasawuf. Ingsung Dhiri minangka pancer. Dununge Gusti kudu bisa meruhi bedane antarane Allah, Pangeran lan Gusti. Allah iku Dat kang maha suci, dene Pangeran iku Nur Cahya ya Rasullah. Gusti minangka badan kita. Kita percaya ananing Dat Allah, Pangeran minangka panutan kita.

*Mung panggawe anyar iki/  
Padha kena karusakkan/  
Bali marang ing kodratté/  
Têgêssé maunné nyata/  
Bali marang ing nyata/  
Mêngkono upama banyu/  
Lah ing kono rasakêna//*

*Marmanné wong olah ngelmi/  
kareppe dinuga duga/  
mrih lestari ayunne/  
pakaremman kasengsemman/  
nikmat lawan man pangat/  
tannana rasa puniku/  
amung pangrasanen uga//*

*Ngelingngana yen ing pati/  
sem karem dadi bancana/  
nyampurri sampurna kono/  
gonne bali marang asal//*

*ajal kamulyan nira/  
dene yen campur abawur/  
por suh kisruh tibeng sasar//*

*Yen Pangeran maha sukci/  
jatine sorotting sotya/  
iya sotyanira dhewe/  
tegesse neg uripira/  
aran gusti kawula/  
Gustine urip puniku/  
kawulane iku rahsa//*  
**(Pupuh VII, pada 12-15)**

Pethikan ing dhuwur iku ngenani penggawean anyar padha kena karusakan. Sebabe dadi karusakan kasebut amarga wong ngolah ngelmi iku karepe mung dikira-kira supaya dadi unggul lan dadi patuladhan liyan. Pakareman, kasengseman nikmat lawan manpangut kuwi ora ana rasa ing bab kasebut. Kuwi malah dadi bancana yen arep nampi kasampurnan. Isih gegandholan kalawan rasa kuwi mau nali marang Gusti ajal kamulyanmu bakal kisruh susur sasar. Jatine soroting kamulyan pindha inten barleyan iku ana atine manungsa. Tegese yen uripmu aran Gusti Kawula, mula Gustine iku urip lan kawulane iku rasa.

Saka andharan ing dhuwur bisa katarik *Dununge Gusti* kuwi ana ing rasane manungsa kabeh lan manggone rasa kuwi ana ing atining manungsa. Ati iku manggone ana ing sajrone badan manungsa. Ati kang dadi obah osiking badan kita, saengga badan ora tumindhak utawa nglakoni apa apa yen ora ana panyebabe. Sebabe yaiku amarga manungsa nduweni panca driya. Mripat gawe ndeleng kahanan, kuping gawe ngrungu, ilat gawe ngomong, irung gawe ngambu. Kabeh 4 iku mau sarana gawe pangrasane supaya manungsa iku mikir lan di rasa apa kang dadi pangrasane kahanan mau.

#### **2) Suksma Sejati**

Manungsa kang wis ngerteni dununge Gusti, mesti bakal mangerteni ngenani suksma sejati. *Suksma sejati* dhewe kuwi asale saka rasa sejati ya sejatine rasa. *Suksma sejati* ngajarake pangangen-angen manungsa minangka makhluk ciptaning Gusti. *Suksma sejati* kuwi kang ngutamakake sisi roh agung kang diciptakake Gusti sajrone pribadi manungsa. Roh sejati manungsa kudu dijaga kasucene karo manungsa lan ora mung fisik, nanging uga rohe manungsa kudu nyembah marang Gustine. Minangka Roh Agung ciptaning Allah, *suksma sejati* manungsa nduweni ke-Ilahi-an, mila sisi ke-Ilahi-an iki diutamakake. *Suksma sejati-ne* manungsa kang nduweni kuwasa gawe roh liya, dudu dikuwasani karo roh liya. Kanggo manungsa kang wis mangerteni *suksma sejati-ne* dhewe

kudu sumendhe ing uripe lan ngondhisikake suksma supaya terus selaras karo Ke-Ilahi-an Allah. .

*Kang ngibarat godhong mega angin/  
inggih punika cahyaning ngagesang/  
mega mongka kanepsonne/  
angin napas puniku/  
awarda kukuwung nenggih/  
pan ngibarating rahsa/  
Sayektine banyu/  
manggung kasenenan cahya/  
kembang lintang kalawan salaga langit/  
yeku ngibarat jiwa//*

*Kembang inggih konanging pangaksi/  
salaga langit puniku ngimak/  
sarihan daru kilatte/  
pramana lambangngipun/  
pan andaru upama wengngi/  
laton darbe supennan/  
lamun siyangngipun/  
mahanani kenarya padhang/  
uwoh surya condra kang den ngibarati/  
inggih ghaibing rahsa//*

*Denne anganggan netra kalih/  
siyang dalu sinungan waspada/  
sirat bun lawan udanne/  
pralambang rahsa tuhu/  
gesangngira taruk tinarik/  
saking jero myang jaba/  
pan sumum sinumum/  
ambekkan lawan swasana/  
kang annarik embes embesse ing warih/  
wor api marupa parah//*

*Yeku ingkang ingaran rahmanni/  
kasembuh denning maruta monda/  
kukuwat akasa : lirre/ pralambang  
gesangngipun/  
kang saestu saking tri murti/  
artosse tri titiga/  
kang murtyeki alus/  
dahhana angin lan toya/  
sumondhoring bumi kumpul dados urip/  
Aran nganasir badan//  
Bungkah pratiwi ngibarat wiji/  
lawan jiwa dene glaran nira/  
wonten ing ngalam dunyanne/  
pan oyod bajra bayu/  
inggih dados pralambang urip/  
ana wujud manungsa/  
mijil saking banyu//*

*banyu sasarining rasa/  
siti latu maruta tirta dumadi/  
jiwa jembar sajagad//  
(pupuh IX pada 7-11)*

Kang diibaratake godhong mega angin iku cahyaning agesang (urip), mega iku minangka kanepsone angin napas iku. Awarda kukuwung ngibarati rasa, sayekti banyu mangge ing kasenan cahya. Kembang lintang salaga langit ngibaratake jiwa. Kembang kanggone pandeleng. Salaga langit iku ngimak lan daru kilate lambange pramana. Menawa andaru upama ing wengi lan dadi latuh ing siyange karana kena padhang. Uwoh surya condra kang ngibarati iku iya ghaibing rasa. Dene anganggan netra loro kanggo mangerteni awan bengi lan kanggo waspada. Sumirate ebun lawan udan dadi pralambang rasa tuhu. Urip tansah tarik tinarik saking jeru menyang njaba. Ananging simum sinumum ambekan lawan swasana. Kang narik ember embese ing banyu. Awor api marupa disigar Yaiku kang aran rahmani. Kasembuh dening angin kuwate akaya akasa kaya dene pralambang uripipun. Kang saestu saking tri Murti artine Tri iku titiga kang alus, dahana angin lan toya iku sumondhoring bumi kang kumpul dadi urip. Kang aran anasire badan. Bungkah pratiwi iku lawan jiwa dene glaran iku wonten alam dunya. Oyod bajra bayu iya dadi pralambanging urip ana wujud manusa kang wiji banyu, banyu iku sasarining rasa, lemah, geni, angin banyu kang dadine jiwa jembar sajagad.

Adhedhasar andharan kasebut katarik kesimpulan kayu minangka tajali saka dat, sabab kayu kasebut kesorot karo Dat kang Sejati. Mila ana isbate kusuma anjrah ing tawang. Maksud kaendahan kang tuwuh ana langit lan tanpa nduweni oyod apa wae, sebab kayun dhewe kang duweni akar kang salugune. Sajrone ajaran martabat pitu kuwi nduweni sebutan takyun awal (at-ta'yun al-awwal) perwujudan kan sepisanan, amarga wis mulai nyata panggonane. Nur tajali saka kayu, dadi sendhean saka urip, sabab kesorot karo wewenang Atma Sejati. Ana isbate yaiku tunjung tanpa talaga kang nduweni teges kaendahan kang tuwuh sajrone medhia, amarga panggonane dhewe kuwi medhia kan utama saka kaciptane sakabehane jagad iki lan sak isine. Sir utawa rahsa kan sinsebut pramana minangka tajaline saka Nur, sabab kasorot wewenang Pramana sejati. Umpanae isining wuluh wungwang (isine bumbungan). Bumbungan iku barang kang awujud bunder lan dawa, ning kosong ora ana isine. Ning sajrone bumbungan kuwi ana udara kang ngiseni. Bebasan kasebut nduweni pepenginan kang nunjukake wujud ora ana, ning sejatine ana. Roh ilapi iku tajaline saka sir/rahsa, sabab kasorot wewenang pramana sejati. Ning roh ilapi ora bisa diweruhi kanthi poncadriya, ning kasunyatanane kuwi ana. Napsu kuwi tajaline saka roh ilapi, sabab kasorotan saking suksma sejati. Kang diumpamakake geni murub ing satengahing samodra. Samodra kuwi lambange jagad.

Geni kang kobong ing satengahing samodra iku pralambange watak saka napsu kang arupa geni. Napsu iki dikebaki karo pepinginan sarta ambisi. Napsu iki kang dadi warnaning ing kadunyan iki. Budi iku tajaline saka napsu. Sabab kasorot saking wewenang pribadi sejati. Diwenehi bebaskan jaran ngerap ing pandhegan lan lumpuh ngideri jagad kang tegese jaran iku pralambang saka pamawas jaga manungsa kang *aktif* ora duwe kesel. Pamawas uga mesthi isih aktif terus, kaya jaran kang mlayu terus kang nduweni tujuan lan panggonan gawe mandheg. Panggon mandheg jaran kuwi iya ora liya ya awake dhewe. Dene lumpuh ngideri jagad yaiku lambange saka tekaning pamawas jaga saka kang agawe aktifitas batin manungsa teka. Batin manungsa kebak pamikir, ingatan, lan kepinginan. si lumpuh minangka lambang kawinatesan manungsa. Jasad utawa badan iku tajaline saka sipat Nya. Dadi wadah saka para mudah kang wis kasebut ana dhuwur kasebut. Jasad kena saka sakabehing sorotan. Kang winastan kodok kemulan ing leng. Kodok minangka mudah, ning leng minangka jasad. Kang nduweni teges mudah kemulan jasad.

### 3) Guru Sejati

Ing bebrayan Jawa, pirembugan ngenani guru sejati iku wis akeh banget. Wiwit kang arupa serat, nganti panliten-panliten kang asipat akademis. Guru sejati iku caket sesambungane klawan ngelmu kabatinan Jawa kang luwih asring kinaran kejawen. Bab guru sejati uga diterangake sajrone Serat Kebo Kenanga. Yaiku kaya kang disasmitakake ing cuplikan pupuh Kinanthi pada 15 ngisor iki.

*Ing kidungngan luwih sering/  
serapatte langkung rungsit/  
mangkana wedharring gita/  
Met banyu pikullan warih/  
lan met genni adedamar/  
srengenge pinelan malih//*

saka cuplikan ing ndhuwur bisa dingerteni yen ta katrangan bab guru sejati iku disasmitakake ing gatra ka-4.

*Met banyu pikullan warih/*

Met banyu pikullan warih iku wis lumrah kasebut ing maneka kasusastran lan caket sambungane klawan guru sejati. Sabab unen-unen kasebut iku ngemu teges manungsa kudu nduweni sangu kang cukup lan cocog karo apa kang dadi sedyane. Yen antarane sangu lan sing diarah cengkah, mesthi bakal angel kelakone. Mangkane unen-unen iki yen ditrapake ing kahanan kasunyatan contone mangkene. Wong golek sedulur, sangune kudu ngerti carane mbanung paseduluran sing becik. Wong golek pegaweyan, kudu sangu ketrampilan lan gelem netepi tatanan sing wis digarisake dening wong sing bakal

menahi pegaweyan tumrap dheweke mau. Mula saka iku, unen-unen kasebut uga trep yen ta minangka pathokan lakune wong golek ngelmu. Wong golek ngelmu ora bakal oleh ngelmu yen ora ngerti lakune, mangka lakune golek ngelmu iku mung guru kang ngerteni. Mula ing kene bisa didudut yen ta unen-unen kang kasebut ing ndhuwur iku minangka sasmitane yen sajrone Serat Kebo Kenanga iki uga ngemot pirembugan bab guru sejati.

Guru sejati ora mesthi awujud badan nyata. Saben manungsa asring nduweni guru sejatine dhewe-dhewe. Guru sejati yaiku sawijining paraga sajroning agama Jawa kang diwadekake. Uga ana kalane wong Jawa dhewe njlentrehake guru sejati kanthi gegambaran kang beda-beda. Cethane guru sejati iku luwih cethayen diarani paraga kang awujud gaib, ora kasad mripat. Guru sejati iku kang bakal ngencengake pandam, pandom, lan panduming dumadi. Nalika kapitayane wong Jawa lagi munggah-mudhun utawa ora jejeg, ya ing kono guru sejati kang bakal nglimput lan nuntun lakune wong Jawa mau.

Ngisor iki cuplikan saka Serat Kebo Kenanga, pupuh Kinanthi pada 18:

*Gantos jarwakna kang maksud/  
makmum manpangngatting ngelmi/  
ki ageng butuh anulya/  
majarraken amar denni/  
met banyu pikullan toya/  
ngibarat lakuning ngelmi//*

Saka pada ing ndhuwur, bisa dingerteni yen ta unen-unen met banyu pikullan warih iku pancen ngibarate wong golek ngelmu, yaiku ing gatra 6-6, cocog klawan andharan ing ndhuwur.

Sabanjure ing pupuh Kinanthi pada 19 diterangake kaya mangkene:

*Wong alim sabar ing laku/  
mung ayem ingkang ginnalih/  
samubarang anarima/  
met laku dedamar geni/  
ngibaratte janma lepas/  
kapadhangngan ingkang budi//*

saka cuplikan ing ndhuwur iku nerangake yen sabar iku minangka lakune wong kang alim kang mung nggayuh ayem utawa katentreman. Nerima ing samubarang panduming Gusti. Nglakoni uripe kanthi menahi pepadhang marang sasamane lan tansah padhang budi pikirane.

Andharan sabanjure iku nerangake gegambarane wong kang duwe ngelmu lan kang miskin ngelmu. Ing pupuh Kinanthi pada 20-11.

*Srengenge pinne puniku/  
ngibarate roh ilapi/  
banyu kinum teges sira/  
ngibarat wong tuna budi/*

*pawa kamurubi nalar/  
sre lambange wong kang miskin//*

Ing pada 20 gatra sepisan nerangake yen ta srengenge iku minangka gegambarane Roh Ilapi. Roh Ilapi yaiku roh kang minangka lurung sesambungan antarane jiwa lan Gustine, roh ilapi uga bisa sinebut sukma. Sajrone Suluk Linglung pupuh Kinanthi pada 42, roh Ilapi sinebut minangka roh kang tansah pasrah marang Dat Gusti. Roh iki nyorotake cahya kang banget padhange, lan tanpa warna. Daya cahyane Roh Ilapi iki sinebut Premana. Ya Premana iku kang banjur ndadekake badane manungsa iku urip. Saliyane iku, uga ndadekake jiwane manungsa iku bisa ngobahake badan jasmani. Ing bebrayan Jawa, premana iku uga sinebut nyawa. Dene Roh Ilapi iku minangka sendhenane premana. Roh ilapi uga minangka af'ale Gusti. Sabanjure ing gatra ka-4 nganti ka-6, iku njlentrehake gambarane wong kang miskin ngelmu, yaiku kaya dene banyu kang ora bisa maremake rasa ngelak.

Saka andharan ing ndhuwur bisa dingerteni yen sajrone *Serat Kebo Kenanga* iku uga ngrembug gambarane wong golek ngelmu, lan gambarane wong kang miskin ngelmu. Sakabehe andharan mau iku minangka sasmita yen saben manungsa tinitah ing donya iki uga kudu bisa nduweni ngelmu, ya kanthi bisa nemokake guru sejatine. Dununge guru sejati iku ora bisa pinisah klawan dununge suksma sejati. Kabeh iku kaiket ing talining mula sangkan lan paraning dumadi. Mula, ing kene yaiku gegambaran ananing Dat kang dhingin yaiku Gusti kang maha Suci, dene Sangkan yaiku bab-bab kang dadi asal-usule manungsa iku dhewe, dene Paraning dumadi yaiku ngendi papan lan apa kang dadi tujuwane manungsa mau tinitah ing ngalam padhang, ya ngalam donya.

#### **4) Paraning Dumadi**

Sadurunge manungsa lair ing ngalam donya, manungsa iku durung duwe jeneng utawa aran, ora lanang uga ora wadon. Ing kono bisa diarani manungsa iku durung ana. Lan nalika dheweke lair, dheweke banjur kaparingan jeneng, lan lagi bisa diarani ana. Lan ing tembe, manungsa mau bali ora ana utawa sampurna. Sampurna ing kene ateges ngawruhi utawa ngerteni sejatining uripe. Urip sejati iku bisane kagayuh ya kanthi laku nggoleki dununge Pangeran utawa suksma sejati, rasa sejati lan guru sejatine. Menawa telu-telune iku wis dingerteni, manungsa esthi bakal ngerteni paraning dumadi.

Sawise manungsa bisa nggayuh kasampurnan kaya kasebut ing ndhuwur, mbesok menawa dheweke katimbangan ngarsane Gusti bakale moksa mesthi bisa mlebu ing swarga loka, marga matine pancen wis dikersakake Gusti. Dene kang sirik lan matine durung winayah, jiwane mesthi kesangsang. Kaya kang kasebut ing cuplikan pupuh Dhandhanggula pada 17 tumeka 19.

*Kya geng ngerang angendika aris/*

*iya padha ngrebut anarbuka/  
ing benere kapatenne/  
ngandika kya geng butuh/  
iya lamun amilih mami/  
mati tan nganggo lara/  
kawruh beneripun/  
dadine bisa samekta/  
ing ngong sirik mati kabancana yayi/  
gugup temah kasasar//*

*Marga durung tumiba ing pasthi/  
jiwane angles kasangsang sangsang/  
tan ala ing pocappane/  
dene kang muksa iku/  
iya nganggo ngelmune ejin/  
prabote lawan tapa/  
wus meh jisim alus/  
embuh kasampurnan nira/  
dene nganggo pinana papan kang becik/  
tandhaning katarima//*

*Prabawa jume gur ngawiyatti/  
lawan wimbuh kasenenan cahya/  
kasunaran jagad kabeh/  
lawan panggonanipun/  
ana bale kang langkung adi/  
winastan swarga loka/  
pangkattane telu/  
guru loka ngendra loka/  
jana loka yen swarga kang pinilih/  
pancenne sowang sowang//*

Saka cuplikan ing ndhuwur iku bisa dingerteni menawa manungsa mati iku ana loro kahanane, yaiku kanthi lara lan sirik, utawa mati tanpa lara lan nggawa kawruh ngelmune. Kang mati sajrone sirik, jiwane bakale kesangsang. Dene kang mati nggawa sangu kawruh ngelmu ing tembe isa lumebu ing papan kang luwih adi lan edi, yaiku swarga loka. Dene swarga loka iku ana telu tingkatane, yaiku guru loka, ngendra loka lan jana loka.

Ing ngisor iki rembugan luwih cetha ngenani swarga loka, ing pupuh Dhandhanggula pada 20 nganti 21.

*Guru loka kang den cacadhangi/  
sagungning para pandhita tama/  
kang terus suci galihe/  
ing kono enggonipun/  
bisa tunggu sang Hyang pramesthi/  
ana ing tenjo maya/  
langgeng ananipun/  
dene ta ing ngendra loka/  
acecadhang para natha satriyadi/  
kang ambek marto tama//*

*Kang trus suwi adil marang dasih/*

*sarta karya rahayuning jagad/  
ngendra loka panggonane/  
pan langgeng ananipun/  
bisa nunggal lelembut/  
konno aneng anggon samar/  
pra manungsa kang nora putus ing ngelmi/  
ngumandhang jana loka//*

Saka cuplikan ndhuwur iku bisa dingerteni yen sing kinaran guru loka iku swargane para pandhita kang hambeg utama lan tansah suci atine. Ing kono bisa nyaket marang Hyang Pramesthi ing tenjo maya. Sabanjure tingkatane swarga kang kapindho, yaiku ngendra loka. Ngendra loka yaiku swargane para satriya kang tansah ngleksanani kewajibane minangka satriya kang njejegake kautaman, nresnani kawula dasih akarya rahayuning jagad. Dene kang pungkasan iku jana loka, yaiku swargane manungsa kang ora putus ngelmune. Manungsa kang wis nggayuh kasampurnan, wis weruh marang mula sangkan lan paraning dumadi, asale ora ana, ora lanang ora wadon, mbesuk yen tinimbangan Gustine uga bakale ora ana lan ora wujud lanang utawa wadon, nanging awujud roh utawa badan alus kang antuk nugrahaning Pangeran.

## **PANUTUP**

### **Dudutan**

*Serat Kebo Kananga* ngandhut bab *Ngelmu Rasa* kang kaandharakae sajrone serat. Ngelmu minangka konsep pamikir Jawa kang asli. Sajrone ngelmu uga babagan kan *rasional* lan uga *irrasional*. Ngelmu ora kudu katarima kanthi akal, ning uga ngelmu diwarisake utawa katrima tumrap rasa. mangerteni sejatine *Ngelmu Rasa* dhewe kuwi kudu mangerteni babagan 4 prakara, ing antarane (1) Dununge Gusti, (2) Suksma Sejati, (3) Guru Sejati, lan (4) Paraning Dumadi.

Dumuning Gusti iku ana ing rasane manungsa. Saka kecarepan ing jroning kalebu supaya bisa dadi ing kasunyatan lan katindakake kudu didhasari saka ati lan dipikir kanthi pener oleh anglakoni tumindhak supaya selamat aneng dunya akherat. Pangeran manggon ing catur warna, kang sepisan suksma purba panggone ana ing grana (irung) panganggone irung iku kanggo ngambu. Keloro suksma wisesa panggone ana ing Lisan(ilat) panganggone ilat iku kanggo ngucap. Kaletu suksma luhur panggone ana ing mripat, panganggone mripat iku kanggo nyawang. Kepapat iku suksma langgeng panggonane ana ing kuping, panganggone kuping kanggo amiyarsa. Dununge gusti amung ana ing rahsa sejati. Rasa sejati kuwi manggen ana ing atine manungsa kabeh.

*Suksma sejati* kuwi kang ngutamakake sisi roh agung kang diciptakake Gusti sajrone pribadi manungsa. Roh sejati manungsa kudu dijaga kasucene karo manungsa lan ora mung fisik, ning uga rohe manungsa kudu nyembah

marang Gustine. Sajrone *Serat Kebo Kananga* iki ya nerangake babagan Suksma Sejati. Nalikane Kebo Kananga, Ki Ageng Butuh lan Ki Ageng Ngerang sarayen ngenani pralambang wong *Ngelmu Rasa*. Katelu paraga kasebut wawanrembag sami adu pratikele, samya dipun karasa. Ki Ageng butuh uga mengerteni jluntunge *Suksma sejati* ana ing ngendi pamikire manungsa.

Guru sejati ora mesthi awujud badan nyata. Saben manungsa asring nduweni guru sejatine dhewe-dhewe. Guru sejati yaiku sawijining paraga sajroning agama Jawa kang diwadekake. Uga ana kalane wong Jawa dhewe njlentrehake guru sejati kanthi gegambaran kang beda-beda. Cethane guru sejati iku luwih cethayen diarani paraga kang awujud gaib, ora kasad mripat. gambarane wong golek ngelmu, lan gambarane wong kang miskin ngelmu. Sakabehe andharan mau iku minangka sasmita yen saben manungsa tinitah ing donya iki uga kudu bisa nduweni ngelmu, ya kanthi bisa nemokake guru sejatine. Dununge guru sejati iku ora bisa pinisah klawan dununge suksma sejati. Kabeh iku kaiket ing talining mula sangkan lan paraning dumadi.

Paraning dumadi iku tujuwan kang akhir aneng ngelmu kasampurnan. Besuk yen manungsa padha mati kuwi parane menyang ngendi. Parane ana ing sing kinaran guru loka iku swargane para pandhita kang hambeg utama lan tansah suci atine. Ing kono bisa nyaket marang Hyang Pramesthi ing tenjo maya. Sabanjure tingkatane swarga kang kapindho, yaiku ngendra loka. Ngendra loka yaiku swargane para satriya kang tansah ngleksanani kewajibane minangka satriya kang njejegake kautaman, nresnani kawula dasih akarya rahayuning jagad. Dene kang pungkasan iku jana loka, yaiku swargane manungsa kang ora putus ngelmune. Manungsa kang wis nggayuh kasampurnan, wis weruh marang mula sangkan lan paraning dumadi, asale ora ana, ora lanang ora wadon, mbesuk yen tinimbangan Gustine uga bakale ora ana lan ora wujud lanang utawa wadon, nanging awujud roh utawa badan alus kang antuk nugrahaning Pangeran.

Kepapat babagan kasebut kabeh ana sinambungan antara siji lan sijine. *Ngelmu Rasa* ora samubarang bisa nglakoni ngelmu kasebut. Kabeh kuwi saka karentege ati, nduweni tekad lan mantep anggone kawruh. Kaya Kebo Kananga kang taksih meluk agama buda. Katemah meguru ana ing Seh Siti Jenar babagan ngelmu agama Islam. Nganti dados guru ana ing Pengging lan madheg pesantren Pengging. Dumugi dadi patine amarga dianggep karo Sultan Demak medharake ngelmu kang ora salugune ngelmu sarengat.

### **Pamrayoga**

Panliten iki isih adoh saka bener lan kasampurnan, amerga isi kang diandharake mujudake kegiatan kang satemene butuh pamikiran lan kebak pengalaman. Akeh banget kang kudune bisa dibabarake sajrone panliten iki, kaya pralambanging sajrone teks, tintingan basa, *tasawuf* lan liyane. Anane panliten iki diajab supaya bisa nambahi kawruh ngenani studi sastra jawa klasik.

Panliten ngenani sastra jawa klasik, mujudake tumindak ngeluri lan ngrembakake naskah lawas supaya bisa diwaca dening masyarakat. Saka panliten iki diajab supaya masyarakat mligine masyarakat Jawa dhewe bisa nregani apa kang dadi budaya leluhure.

#### KAPUSTAKAN

- Al Ghozali, Imam. 2007. *Mempertajam Mata Bathin*. Mitrapress Studio.
- Bariied, dkk.1994.*Pengantar Teori Filologi*.Yogyakarta: Badan Peneletian dan Publikasi Fakultas (BPPF)
- Basuki, Anhari.dkk. 2004. *Pengantar Filologi*. Semarang :Fasindo
- Bertens, K. 1993. *Etika*. Yogyakarta: Kanisius
- Damono, Supardi Djoko, 1978. *Sosiologi Sastra*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Departemen Pendidikan Nasional.2008. *Kamus Bahasa Indonesia*. Jakarta : pusat Bahasa. Departemen Pendidikan Nasional.
- Endraswara, Suwardi.2008. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Med Press
- Hardjowirogo. 1989. *Manusia Jawa*. Jakarta: Haji Masagung.
- Luxemburg, Jan Van. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta : Gramedia.
- Mulder, Niels. 1983. *Kebatinan Dan Hidup Sehari-Hari Orang Jawa*. Jakarta: PT Gramedia.
- Nurgiyanto, Burhan. 2013. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta : Gajah Mada University
- Poerbatjaraka, R.M.Ng. 1957. *Kapustakan Djawi*. Djakarta:Djamabatan
- Purnomo, S. Bambang. 2011. *Kesastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya :Bintang
- \_\_\_\_\_. 2013. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya : PMN
- Ratna, Nyoman Kutha. 2014. *Teori Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar
- \_\_\_\_\_. 2011. *Teori Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar
- \_\_\_\_\_.2007. *Sastra dan Cultural Studies: Representasi Fiksi dan Fakta*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Sudardi, Bani. 2003. *Sastra Sufistik : Internalisasi Ajaran-Ajaran Sufi dalam Sastra Indonesia*. Solo : Tiga Serangkai Pustaka Mandiri.
- Suwarni. 2013. *Sastra Jawa Pertengahan*. Surabaya : PMN
- \_\_\_\_\_. dan Sri Wahyu Widayati. 2016. *Sastra Jawa Klasik*. Surabaya : Bintang
- Soedarsono dkk. 1985. *Pendidikan Moral lan Ilmu Jiwa Jawa*. Proyek Penelitian dan Pengkajian